

Demann Azil Mwen an

**Gid ou pou fè yon
demann azil nan Kanada**



Bwochi pou oryantasyon

Konsènan Bwochi pou Oryantasyon sa a

Objektif

Bwochi sa a fèt pou gide w atravè demach demann azil ou a pou w ka enfòme, konekte epi prepare w.

Kouman pou itilize Bwochi pou Oryantasyon sa a



Sèvi ak bwochi sa a pou w konprann:

- kote ou ye nan pwosesis demann azil la
- ki moun ki ka ede w
- kijan pou prepare tèt ou pou pwochen etap yo

Gid sa a mennen nan enfòmasyon detaye sou www.myrefugeeclaim.ca lè l sèvi avèk kòd QR yo.

Ki jan yo sèvi ak kòd QR yo



Sèvi ak kamera oswa aplikasyon pou kòd QR sou telefòn entelijan ou an pou eskane kòd QR la. Klike sou lyen an, epi w ap ale nan paj ki kòrèk la sou www.myrefugeeclaim.ca.



Kontni yo

Akwonim yo	2
Anvan ou kòmanse demann azil ou a...	3
Ki jan pwosesis demann azil la fonksyone?	5
Èske mwen ka fè yon demann azil?	6
Kouman pou mwen jwenn yon avoka oswa yon reprézantan legal?	9
Kouman pou mwen fè yon demann azil nan yon ayewopò, pò maritim, oswa fwontyè tè (pò antre)?	10
Kouman pou mwen fè yon demann azil si mwen deja nan Kanada (nan peyi a)?	11
Kouman pou mwen prepare pou odyans sou demann azil mwen an?	12
Kisa mwen ka atann nan odyans sou demann azil mwen an?	14
Kijan epi kilè m ap konnen si yo aksepte demann mwen an?	16
E si yo arete m?	18
Aksyon mwen ka pran pou ede demann azil mwen an	19
Jou ak dat limit enpòtan pou demann azil mwen an	23

Akwonim yo

BOC

Basis of Claim | Baz yon Demann

CBSA

Canada Border Services Agency | Ajans Sèvis Fwontyè Kanada

IME

Immigration Medical Exam | Egzamen Medikal Imigrasyon

IRB

Immigration and Refugee Board of Canada | Konsèy Imigrasyon ak Refijye Kanada

IRB-IAD

Immigration and Refugee Board of Canada – Immigration Appeal Division | Konsèy Imigrasyon ak Refijye Kanada – Divizyon Apèl Imigrasyon

IRB-ID

Immigration and Refugee Board of Canada – Immigration Division | Konsèy Imigrasyon ak Refijye Kanada – Divizyon Imigrasyon

IRB-RAD

Immigration and Refugee Board of Canada – Refugee Appeal Division | Konsèy Imigrasyon ak Refijye Kanada – Divizyon Apèl pou Refijye

IRB-RPD

Immigration and Refugee Board of Canada – Refugee Protection Division | Konsèy Imigrasyon ak Refijye Kanada – Divizyon Pwoteksyon Refijye

IRCC

Immigration, Refugees and Citizenship Canada | Imigrasyon, Refijye ak Sitwayènte Kanada

RPID

Refugee Protection Identity Document | Dokiman Idantite Pwoteksyon Refijye

Anvan ou kòmanse demann azil ou a...

Ou gendwa te nan yon sitiyasyon difisil nan peyi ou.

Ou ka mande si Kanada ka ba ou pwoteksyon refijye.

Kanada gen yon sistèm pwoteksyon refijye ki pèmèt moun ki fè fas ak sitiyasyon danjere nan peyi yo pou aplike pou yo rete Kanada.

Mande pwoteksyon refijye nan Kanada rele fè yon demann azil. Se pa tout moun ki fè yon demann azil k ap jwenn pwoteksyon refijye. Si yo ba ou pwoteksyon refijye, ou ka rete nan Kanada epi aplike pou vin yon rezidan pèmanan.

Ou ka mande si sa ki te rive ou a kalifye ou pou pwoteksyon refijye.

Eksperyans chak moun pwòp a yo menm.

Gen kèk moun ki panse eksperyans difisil yo merite pwoteksyon, men lalwa di li pa ka.

Gen kèk moun ki panse eksperyans difisil yo pa merite pwoteksyon, men lalwa di li merite sa.

Li enpòtan pou jwenn konsèy nan men yon avoka oswa reprezantan legal sou pwòp eksperyans ou.

Di verite a. Sa ap ede avoka w oswa reprezantan legal ou ba w pi bon konsèy.

Avoka w oswa reprezantan legal ou ap ede w deside pwochen etap ou a.

Bezwen ijan mwen yo

Ou ka gen bezwen ijan ak pwoblèm pou rezoud pandan pwosesis demann azil ou a, tankou:

- Ki jan pou m jwenn yon kote a pri abòdab pou m rete?
- Ki kote ptit mwen yo pral lekòl?
- Kijan m ap jwenn yon pèmi travay?
- Ki jan mwen pral jwenn yon travay?
- Ki kote mwen ka aprann anglè oswa fransè?
- Kouman pou mwen jwenn swen sante?
- Kilè m ap ka reyini ak fanmi m?
- Kisa k ap pase si Kanada pa ban mwen pwoteksyon refijye?

Sa yo se kesyon enpòtan. Yon ajans lokal oswa kominotè ka ede w reponn kesyon sa yo epi asire yo satisfè bezwen ijan ou yo.

**Rete konsantre sou demann azil ou a
pandan w ap satisfè bezwen ijan w yo.**



Kontakte yon travayè lokal/kominotè ki toupre w pou w jwenn èd.



Ki jan pwosesis demann azil la fonksyone?

Sa yo se evènman enpòtan nan pwosesis demann azil ou a.

Aprann sou sistèm pwoteksyon refijye Kanada a

Jwenn reprezantasyon legal, si sa posib

Kòmanse demann azil ou a

Ale nan entèvyou kalifikasyon ou

Devni yon demandè azil

Prepare pou odyans refijye w la

Patisipe nan odyans refijye w la

Resevwa desizyon refijye w epi ale nan pwochen etap yo



Enpòtan

Evènman enpòtan sa yo ka rive nan yon lòd diferan selon kote ou ye a ak fason ou kòmanse demann ou a.



Èske mwen ka fè yon demann azil?

Yon moun ki vle pwoteksyon refijye nan Kanada yo rele yo demandè azil.

Pou w vin yon demandè azil, ou bezwen:

- Se pou w nan Kanada oswa nan yon pò antre Kanadyen (ayewopò, fwontyè, pò maritim)
- Se pou w elijib (gen posiblite) pou fè yon demann azil



Enpòtan

Si ou pa sèten si ou ka vin yon demandè azil, jwenn konsèy legal anvan ou fè demann ou an.

Rezon ki fè ou ka pa kalifye (gen posiblite) pou fè yon demann azil

Estatí refijye

- Mwen gen estati Refijye Konvansyon nan yon lòt peyi ke mwen ka retounen.

Nan tan lontan an

- Mwen te fè yon demann azil Ozetazini, Wayòm Ini, Ostrali, oswa Nouvel Zeland;
- Mwen te fè yon demann azil nan Kanada ke yo te refize, abandone, oswa retire;
- Yo te déjà di m ke mwen pa t gen dwa fè yon demann azil nan Kanada; oswa
- Mwen te déjà gen estati moun ki pwoteje nan Kanada.

Akò sou Twazyèm Peyi ki gen sekirize

- Mwen te ale nan yon pwen antre fwontyè Kanadyen epi yo pa t pèmèt mwen antre Kanada paske mwen pa kalifye pou yon eksepsyon nan Akò sou twazyèm peyi ki sekirize.
- Mwen te antre Kanada nan yon kote ki pa ofisyèl epi otorite Kanadyen yo te rankontre avè m nan entèval de semèn. Mwen te oblige kite Kanada paske mwen pa kalifye pou yon eksepsyon nan Akò sou twazyèm peyi ki sekirize.

Sekirite piblik

- Mwen te komèt yon krim grav epi Kanada ka panse mwen se yon moun danjere.

Kanada Depòte w

- Mwen resevwa yon lòd nan men gouvènman Kanadyen an ki di mwen dwe kite peyi a.

Si w tcheke nenpòt nan kare sa yo, oswa si w pa sèten, pale ak yon avoka oswa yon reprezantan legal.



Jwenn plis enfòmasyon sou ki moun ki ka vin demandè azil.

Ki ajans gouvènman an mwen ka rankontre?

Ou pral fonksyone an premye swa ak CBSA oswa IRCC, selon ki kote ak ki jan ou fè demann azil ou an.

Pò antre

CBSA

Ajans Sèvis Fwontyè Kanada

- kontwole pò antre epi fè respekte lwa imigrasyon yo
- deside si ou kapab fè yon demann azil nan yon fwontyè tè, ayewopò, oswa pò maritim

Nan peyi a

IRCC

Imigrasyon, Refijye ak Sitwayènte Kanada

- jere arive imigran ak refijye yo
- deside si ou kapab fè yon demann azil nan Kanada

IRB

Konsèy Imigrasyon ak Refijye Kanada

- deside zafè imigrasyon ak refijye yo
- jere kat divizyon

IRB-RPD (Divizyon Pwoteksyon Refijye)

- pran desizyon sou demann ou pou pwoteksyon refijye

IRB-RAD (Divizyon Apèl pou Refijye)

- jere kontestasyon desizyon IRB-RPD konsènan demann azil yo

IRB-ID (Divizyon Imigrasyon)

- òganize odyans elijiblite ak odyans detansyon

IRB-IAD (Divizyon Apèl Imigrasyon)

- jere kontestasyon sou zafè imigrasyon



Aprann plis sou ajans gouvènman kle sa yo.

Kouman pou mwen jwenn yon avoka oswa yon reprezantan legal?



Eseye jwenn èd legal anvan ou kòmanse demann azil ou oswa pi vit ke ou kapab. Si w te deja kòmanse demann ou an epi w pa gen yon avoka oswa yon reprezantan legal, fè tout efò posib pou w kontakte yon moun pou w jwenn èd. Li enpòtan pou w genyen yon avoka oswa yon reprezantan legal pandan tout pwosesis demann azil ou a, ak nan odyans refijye w la.

Ki jan èd legal ka ede:

Ou ka anmezi jwenn yon avoka oswa yon reprezantan legal pou reprezante w gratis oswa a ba pri atravè Ed Legal oswa yon klinik ki pa fokis sou pwofi. Sa a pral depann nan ki pwovens ou rete ak sitiyasyon espesifik ou.

Ki jan yon travayè asosiyasyon oswa yon travayè kominotè ka ede w:

Mande yon ajans etablisman oswa yon òganizasyon kominotè pou yon lis avoka oswa reprezantan legal nan vil oswa rejyon ou. Si ou pa gen lajan pou peye pou yon avoka oswa yon reprezantan legal, mande si pwovens ou a gen èd legal. Si se pa sa, fournisè sèvis ou a ka gen enfòmasyon sou klinik legal gratis oswa ki pa koute chè.



Aprann kijan pou w jwenn yon avoka oswa yon reprezantan legal kote w ye a.

Kouman pou mwen fè yon demann azil nan yon ayewopò, pò maritim, oswa fwontyè tè (pò antre)?



- Di ofisyé CBSA a ke ou vle fè yon demann azil
- Prepare tout dokiman idantifikasyon yo
- Fè pran anprent dwèt ou ak foto yo (done byometrik ou)
- Fè entèvyou sou kalifikasyon w ak CBSA pou w wè si w kapab vin yon demandè azil
- Si ou kalifye (gen posiblite) pou fè yon demann, jwenn dokiman idantite RPID ou ak fòm BOC, oswa jwenn enstriksyon pou w aplike sou entènèt
- Konplete egzamen medikal ou (IME)
- Ranpli epi soumèt Fòm BOC ou a bay IRB-RPD
- Rasanble epi voye prèv pou sipòte demann azil ou pandan w ap tann dat odyans ou a



Aprann plis sou fè yon demann azil nan yon pò antre.

Kouman pou mwen fè yon demann azil si mwen déjà nan Kanada (nan peyi a)?



- Sèvi ak pòtal sou entènèt IRCC (sit entènèt) pou soumèt aplikasyon pou demann azil ou a, ki gen ladan fòm BOC ou ak kopi idantite w ak dokiman vwayaj ou
- Jwenn Lèt akize resepsyon Demann ou an
- Konplete egzamen medikal ou (IME)
- Ale nan randevou byometrik ou (anprent dwèt/foto)
- Fè entèvyou sou kalifikasyon w ak IRCC pou w wè si w kalifye pou w vin yon demandè azil.
- Si ou elijib (gen posiblite) pou fè yon demann, jwenn dokiman idantite RPID ou a
- Rasanble epi voye prèv pou sipòte demann ou an pandan w ap tann dat odyans ou a



Aprann plis sou fè yon demann azil andedan peyi a.



Kouman pou mwen prepare pou odyans sou demann azil mwen an?

Kòmanse rasanble prèv pou sipòte demann azil ou a pi vit ou kapab. Si w gen yon avoka oswa yon reprezantan legal, mande ki prèv espesifik ki ka ede demann ou a. Asire w ke ou bay tèt ou ak avoka ou ase tan pou w revize ak tradui prèv ou yo. Voye prèv ou le pli vit ke ou kapab. Tout prèv yo dwe soumèt omwen 10 jou anvan dat odyans ou a.




Aprann ki prèv ki sipòte demann azil ou a.

Pwoblèm legal ak prèv mwen an

Gen kèk pwoblèm legal enpòtan yo ka abòde nan odyans refijye w la. Sèvi ak lis verifikasyon ki anba a pou ede w prepare.


Diskeite ak avoka oswa reprezantan legal mwen an?

Prèv mwen an tradui epi voye ale?




Identite

Pwouve ki moun mwen ye ak ki kote mwen soti atravè kèk dokiman




Kredibilite

Pwouve mwen ap di laverite sou istwa mwen an




Laperèz Reyèl

Montre ke mwen gen yon vrè pèsekisyon




Risk pèsonèl

Montre ke gouvènman mwen an pa ka pwoteje m




Pa gen Pwoteksyon Gouvènman an

Montre ke gouvènman mwen an pa ka pwoteje m




Pa Gen Kote ki an Sekirite nan Peyi Mwen

Pwouve ke mwen pa ka viv an sekirite nan okenn lòt kote nan peyi mwen an




Rezidans legal nan yon lòt peyi (si genyen)

Montre mwen pa ka viv an sekirite nan yon lòt peyi, si mwen se yon sitwayen oswa rezidan pèmanan la



Kriminalite (si genyen)

Montre mwen pa t patisipe nan krim òganize oswa krim grav



Reta nan fè yon demann (si genyen)

Eksplike poukisa mwen pa t kite peyi mwen pi bonè, fè yon demann yon lòt kote, oswa fè yon demann azil kou m te rive Kanada



Gade egzanp prèv ou ta ka soumèt pou chak pwoblèm legal sa yo.

Kisa mwen ka atann nan odyans sou demann azil mwen an?



Odyans refijye w la se evènman santral pwosesis demann azil la.

IRB-RPD ap voye yon avi pou w parèt nan yon lèt ki endike dat odyans sou sitiyasyon refijye w la.

Nan odyans ou a, yon Manm IRB-RPD ap deside aksepte oswa rejte demann ou a.

Menmsi ou ka santi w enkyete w pou odyans refijye w la, li bon pou w sonje IRB a mwens fòmèl pase yon tribunal. Manm IRB-RPD a pa yon jij. Yo pa pèmèt piblik la asiste odyans refijye w la.

Odyans refijye ou a se pi bon chans ou genyen pou rakonte istwa ou nan yon kote prive. Ou pral reponn kesyon pou eksplike poukisa ou bezwen pwoteksyon Kanada. Li enpòtan pou di verite a. Pa janm envante yon repons. Si ou pa konnen yon bagay, oswa ou pa sèten, di sa.

Pandan ke pifò odyans refijye yo se vityèl (sou entènèt), gen kèk ka an pèsòn.




Enpòtan

Le pli vit ke ou kapab, enskri pou yon Odyans Ready Tour sou entènèt. Nan Odyans Ready Tour ou a, ou rankontre anplwaye IRB-RPD, aprann kijan pou prepare pou odyans refijye ou a, epi konprann ki moun ki ka nan odyans ou a. Ou ka poze kesyon tou sou pwosesis pwoteksyon refijye yo.



Aprann plis enfòmasyon epi enskri pou yon Odyans Ready Tour sou Entènèt.

Ki moun ki pral nan odyans pou demann azil mwen an?



Moun ki ka nan odyans refijye w la:

Demandè azil: (ou menm)

Manm IRB-RPD: deside sou demann azil ou a

Avoka w oswa reprezantan legal ou a: sipòte w epi ede w prezante demann ou a

Entèprèt: tradui pou ou ka pale nan pwòp lang ou, si ou vle

Temwen: pale epi reponn kesyon nan odyans ou a pou konfime istwa ou a

Obsèvatè: sipòte ou (fanmi oswa zanmi ou ka envite)

Avoka Minis (IRCC oswa CBSA): ale nan odyans ou sèlman si yo opoze a demann azil ou a (ka poze w kesyon oswa mande pote dokiman)

Pitit ou yo: selon laj yo, pitit ou yo ka bezwen ale nan odyans ou a oswa yo ka pa bezwen sa



Aprann plis sou sa ki pral rive nan odyans refijye w la.



Kijan epi kilè m ap konnen si yo aksepte demann mwen an?

Apre odyans refijye w la, Manm IRB-RPD a pral:

- Di w desizyon yo imedyatman, oswa
- Voye desizyon yo pa lapòs.

Pa genyen okenn tan ki fikse pou yon Manm pran yon desizyon. Si desizyon ou an reta, sa pa vle di yo pral refize demann azil ou a.

Asire w ke IRB-RPD gen adrès kòrèk ou. Ou pa vle rate lèt desizyon w lan lè yo voye l pa lapòs ba ou!



Jwenn plis enfòmasyon sou desizyon odyans refijye w la ak pwochen etap yo.

Pwochen etap apre w fin resevwa yon desizyon

Kisa ki ap rive apre si yo aksepte demann mwen an?

Si yo aksepte demann ou a, sa vle di kounye a ou gen estati moun ki pwoteje oswa refijye Konvansyon nan Kanada. Kounye a ou kapab kòmanse aplikasyon pou rezidans pèmanan ou a. Ou dwe konnen CBSA oswa IRCC ka fè apèl kont desizyon IRB-RPD a nan 15 jou. Si sa rive, kontakte avoka w oswa reprezantan legal ou imedyatman.



Kisa ki ap rive apre si yo rejte demann mwen an?

Si yo rejte demann ou a, ou dwe aji byen vit pou w wè ki opsyon legal ou genyen.

Etap enpòtan ou dwe pran si yo rejte demann ou:

- Li desizyon an ak anpil atansyon
- Konprann ke ou anba dat limit sere
- Touswit pale ak avoka w oswa reprezantan legal ou
- Jwenn èd nan men gwoup moun ki ap ba w sipò yo
- Rete enfòme epi kenbe espwa
- Enskri pou w tann yon Apèl Ready Tour sou sitwèb www.myrefugeeclaim.ca pou aprann sou etap ak dat limit nan pwoesisis apèl la



Enpòtan

Si yo rejte demann ou a, pale ak avoka w oswa reprezantan legal ou imedyatman pou w diskite opsyon ki pi bon pou ou.

E si yo arete m?

CBSA gendwa kenbe w (nan prizon) si yo kwè:

- Ou pap parèt lè yo mande w
- Ou pa moun ou di ou ye (oswa ou pa gen dokiman ki pwouve idantite w)
- Ou se yon danje pou moun nan Kanada
- Ou bay enkyetid sou sekirite piblik oswa krim



Ak ki moun mwen ka pale si yo arete m?

Si yo arete w, w ap gen odyans pou revizyon detansyon an nan yon lè yo fikse pou w wè si w ka lage w. Ou gen dwa pou w jwenn yon reprezantasyon legal nan revizyon detansyon ou. Ou ka bezwen jwenn pwòp reprezantan legal ou.

Si w pa ka pale ak yon avoka, mande CBSA pou l mete w an kontak ak yon ajans etablisman oswa yon òganizasyon kominotè.



Enpòtan

Moun ki nan detansyon yo gen dwa. Pa egzanp, pandan ou nan detansyon ou gen dwa pou w jwenn swen medikal, pratike reliyion w, epi kontakte ONG ki kapab sipòte w.



Li plis enfòmasyon sou detansyon imigrasyon nan Kanada.



Aksyon mwen ka pran pou ede demann azil mwen an

Li pa fasil pou fè yon demann azil nan Kanada. Ou ka santi w poukонт ou nan sitiyasyon difisil ou a.

Ou ka pa santi w an sekirite epi w pa konnen ki moun pou w fè konfyans. Ou ka pa konnen ki enfòmasyon ki verite ak sa ki fo.


Ou ka santi w pa sèten sou sa pou w fè apre.

Antreprann twa aksyon enpòtan sa yo pou ede pwoesisis demann azil ou a:

Enfòme w.



Rete konekte.



Prepare w.





Enfòme w.

Sa a se demann **pa ou** pou pwoteksyon refijye. Se responsabilite w pou w rete enfòme epi pran kontwòl sitiyasyon w lan. Poze kesyon. Jwenn enfòmasyon ou bezwen pou ede ka w la.

Anvan ak pandan demach demann azil ou a, antame aksyon pou w konprann pwosesis pwoteksyon refijye Kanada a jan w kapab.

Asire w ke enfòmasyon ou yo soti nan sous ou fè konfyans, epi fè atansyon pou move enfòmasyon.

Aksyon mwen yo pou m rete enfòme



- Vizite epi aprann sou www.myrefugeeclaim.ca
- Aprann ki kote mwen ye nan pwosesis demann azil la ak kisa pwochen etap mwen yo ye
- Aprann sou twa ajans gouvènman yo: CBSA, IRCC, IRB
- Li nan Gid Demandè a sou sitwèb IRB a
- Vizite paj "Kijan pou w fè Demann Estati Refijye nan Kanada" sou sitwèb IRCC
- Patisipe nan pwogram ak evènman pou moun ki fè demann azil yo, tankou gwoup sipò ak atelye edikasyon


Li gen anpil enfòmasyon, men ou ka fè li!

Pwosesis la mache selon tan I. Konsantre w sou etap ou ye kounye a. Aprann sa k ap vini apre. Ale etap pa etap.



Enpòtan

Nan kèk etap nan pwosesis la, ou pral trè okipe ak anpil bagay pou w fè. Nan lòt fwa ou ka rete w ap tann pou yon peryòd tan ki long. Sèvi ak tan w ap tann lan pou w aprann epi jwenn enfòmasyon.



Rete konekte.

Konekte tèt ou ak moun ki ka ede w atravè demach demann azil ou a.

Aksyon mwen pou m rete konekte

- Jwenn yon avoka oswa yon reprezantan legal ✓
- Konekte ak ajans lokal/kominotè ki tou pre mwen an
- Mete yon gwoup moun bò kote m pou sipò
- Kenbe enfòmasyon kontak mwen ajou ak IRCC, CBSA, ak IRB-RPD
- Patisipe nan yon Ready Tour pou rankontre yon anplwaye IRB epi poze yo kesyon mwen yo sou pwosesis demann azil ak apèl yo

Men non ak enfòmasyon kontak moun k ap sipòte m yo:

Avoka mwen oswa reprezantan legal
mwen an

Travayè lokal/kominotè mwen an

Zanmi mwen oswa manm fanmi mwen

Lòt bagay



Jwenn kontak kle ak sipò tou pre kote w ap viv la.



Prepare w.

Fè yon demann azil mande pou w antame aksyon epi prepare ak anpil atansyon.

Ou bezwen prepare pou chak etap nan pwosesis la. Dokiman ki pi enpòtan an se fòm BOC la, kote w ekri istwa w la. Evènman ki pi enpòtan an se odyans refijye w la, kote w rakonte istwa w ak yon Manm IRB-RPD. Nan odyans ou a, Manm lan deside demann azil ou a.



Aksyon mwen yo pou m prepare m

- Rankontre avèk avoka mwen oswa reprezantan legal mwen pou prepare dokiman mwen yo, prèv ak temwayaj mwen
- Rasanble prèv pou sipòte istwa mwen an
- Patisipe nan yon Odyans Ready Tour pou aprann kijan pou prepare pou odyans refijye mwen an
- Suiv tras dat enpòtan mwen yo ak dat limit yo
- Kenbe tout dokiman mwen yo (tankou yon kopi dokiman demann azil mwen yo) òganize epi fasil pou jwenn
- Konprann pwoblèm legal enpòtan ki nan demann mwen an: idantite, kredibilite, krent pèsònèl, elatriye
- Fè atansyon, revize dokiman yo, fè pwòp rechèch mwen, epi poze kesyon



Aprann kijan pou prepare w pou demann azil ou a.

Jou ak dat limit enpòtan pou demann azil mwen an

Demand nan pò antre

Dat mwen te antre Kanada

Entèvyou pou Elijiblite

Randevou biyometrik

Randevou IME

Dat pou soumèt fòm BOC la

Dat pou soumèt Prèv ak temwen yo

Dat odyans refijye IRB-RPD

Demand andedan peyi a

Dat fèmeti pòtal la sou entènèt la

Dat mwen te soumèt demann mwen an
sou pòtal la

Randevou biyometrik

Randevou IME

Entèvyou pou Elijiblite

Dat pou soumèt Prèv ak temwen yo

Dat odyans refijye IRB-RPD

Kontak Enpòtan Gouvènman




Dekouvi enfòmasyon kontak nasyonal, pwovensyal ak rejyonal pou IRB, IRCC, ak CBSA.

Resous Kominotè



Konekte ak ajans kominotè ki pi pre w yo.

Nòt mwen yo



Moun ki peye frè demann azil mwen an:



Canada



WelcomeBC

Revizyon legal pa: Alastair Clarke, Lwa Imigrasyon Clarke
Tradiksyon sa fêt pa Exchange Language Services (ELS)

Konsepsyón ak ilistrasyon pa: Andrea Armstrong



DEMANN AZIL MWEN AN



Aprann plis sou Demann Azil Mwen an sou
www.myrefugeeclaim.ca



kinbrace

REFUGEE HOUSING & SUPPORT

Kominote Kinbrace ki baze li nan Vancouver, BC, akeyi Demandè azil yo ak
sipò byennèt konplè ki gen ladan li lojman, akonpanyeman, travay, ak resous
edikasyon publik legal. Vizyon nou pou chak Demandè azil se yon mond akèy,
yon kominote dapatenans, ak yon vi ranpli ak opòtinite.